Kijan pou Transfere Pèmi Kondui Lòt Eta w la

Èske ou enstale w dènyèman nan Massachusetts epi w bezwen transfere lisans lòt eta w la? Ekonomize tan epi kòmanse aplikasyon w lan anliy!

Si w gen pèmi kondui yon lòt eta, ou bezwen konvèti li an pèmi MA lè w vin yon rezidan nan Massachusetts.

- Ou pa kapab transfere pèmi kondui w la anliy. Sepandan, ou ka prepare w lè w ranpli aplikasyon an anliy epi reponn yon seri kesyon.
- Nan fen kesyonè a, y ap ba ou yon aplikasyon konplè ak lis dokiman obligatwa w ap bezwen pote nan yon Sant Sèvis RMV.

Pou transfere pèmi kondui lòt eta w la w ap bezwen:

- Deside ki tip lisans ou vle (Yon Lisans REAL ID oswa Estanda).
- Kòmanse aplikasyon w lan anliy.
- Pran yon randevou nan yon Sant Sèvis RMV.
- Pote idantifikasyon yo egzije w la ak aplikasyon ki ranpli a nan yon Sant Sèvis RMV.

Pou kòmanse pwosesis aplikasyon anliy lan, w ap bezwen bay:

- ☑ Nimewo Sekirite Sosyal ou, Nimewo Paspò ki pa ameriken ou, oswa ID Konsilè ou.
- ☑ Dat Nesans.
- ☑ Enfòmasyon sou Pèmi Kondui lòt Eta a ki gen ladan Nimewo Lisans, Eta, Dat Emisyon ak Ekspirasyon.

Enfòmasyon Kle

- Si w pa gen lisans yon lòt eta la pou w remèt bay RMV a, w ap bezwen bay yon foto ID akseptab ki nan lis dokiman akseptab yo, ak yon kopi sètifye dosye konduit ou ki soti nan eta w ap transfere apati de li a, e ki pa gen plis pase 30 jou.
- Si lisans ou gen plis pase yon ane depi l ekspire, yon tès konplè (teyorik ak pratik) epi tès vizyon ap nesesè. Si lisans ou aktif oswa li ekspire depi mwens pase yon ane, yon tès teyorik ak pratik p ap obligatwa.
- Si ou gen yon lisans Kanada, Meksik, yon teritwa Etazini (tankou Pòto Riko), Lafrans, Kore Disid, oswa Taiwan, ou dwe prezante yon dosye konduit ki pa gen plis pase 30 jou. Pou plis enfòmasyon sou transfè lisans yon peyi etranje RMV gen akò resipwosite avèk li, vizite https://www.mass.gov/how-to/transfer-your-drivers-license-from-a-foreign-country
- Pou w transfere lisans ou a yon lisans REAL ID oswa Komèsyal Estanda, ou dwe gen yon estati imigrasyon valid depi omwen 12 mwa.

Suiv etap anba yo pou transfere pèmi kondui w ki soti nan yon lòt eta:

Step #1: Navige nan paj Sant Sèvis myRMV Anliy.

Swa ou chwazi ipèlenk Mass.Gov/MyRMV pou ale dirèkteman nan paj wèb la oswa ouvri yon nouvèl fenèt navigatè a epi antre M*ass.Gov/MyRMV* nan ba adrès la.

- ***SONJE***: Pou paj wèb prensipal Rejis Veyikil a Motè (Registry of Motor Vehicles, RMV) la, vizite Mass.Gov/RMV.

Step #2: Chwazi *Transfer Out Of State License.*

- Nan panèl Pèmi Kondui ak Pèmi Apranti a, chwazi **More** epi ansuit chwazi **Transfer Out Of State License.**



Step #3: Chwazi baskil *License Conversion*. Chwazi *Continue*.

- Chwazi **License Conversion** si ou genyen aktyèlman yon pèmi kondui Klas D oswa M yon lòt eta epi ou vle konvèti li an Pèmi Kondui Klas D oswa M Massachustetts.
- Chwazi **CDL Conversion** si ou gen aktyèlman yon Pèmi Kondui komèsyal yon lòt eta epi w vle konvèti li an Pèmi kondui komèsyal Massachusetts.
- Chwazi **Learner's Permit Conversion** si ou gen aktyèlman yon Pèmi Apranti Klas D oswa M epi w vle konvèti li an Pèmi Apranti Klas D oswa M Massachusetts.



Step #4: Revize detay yo nan paj *Get Ready* a. Chwazi *Next*.



Step #5: Chwazi tip lisans lan nan paj *Federally Compliant ID*. Chwazi *Next*.

- Chwazi baskil **REAL ID Massachusetts License/ID** si w ap aplike pou yon REAL ID.
  - Yon **REAL ID** se yon fòm idantifikasyon federal akseptab. A pati 7 me 2025, rezidan Massachusetts yo ap bezwen yon paspò REAL ID pou yo voyaje nan Etazini.
- Chwazi baskil **Standard Massachusetts License/ID** si w ap aplike pou yon Pèmi Kondui Estanda.
  - Yon **Standard License** pa valid pou idantifikasyon federal.



Step #6: Reponn tout kesyon nan *Identification Information* lan. Chwazi *Next.*



Step #7: Antre enfòmasyon lisans ou nan paj *Out of State License* lan. Chwazi *Next*.

Reponn **Yes** oswa **No** pou kesyon an: *"Do you have any restrictions?"*

- Si wi, chwazi **Restriction Type** nan meni defilman an. Si ou gen plis pase yon restriksyon, chwazi ipèlenk **Add an Additional Restriction**.
    - **Remak:** Tout restriksyon sou lisans ou dwe endike sou ekran sa a, sinon ou ka pa reyisi tchèk verifikasyon yo egzije a.



Step #8: Antre *Address Information ou*. Chwazi *Next.*

Reponn kesyon an: *"Is your mailing address the same as your residential address?*
Chwazi ***Yes*** si adrès postal ou menm ak adrès rezidansyèl ou.

- Chwazi ***No*** si adrès postal ou diferan de adrès rezidansyèl ou.
    - Antre adrès postal aktyèl ou nan chan ki afiche a.
    - Ou ka itilize yon bwat postal kòm adrès postal.



Step #9: Chwazi *Verified Address*. Chwazi *Next.*

- Si adrès rezidansyèl ak/oswa adrès postal la pa kòrèk, ou ka chwazi adrès orijinal ou te antre a.



Step #10: Antre adrès imèl ak nimewo telefòn ou nan paj *Contact Information* lan. Chwazi *Next.*

Panèl **Primary Contact Information**:

- Chwazi **Add Another Contact** pou w antre yon dezyèm adrès imèl.

Panèl **Emergency Contact Information**:

- Chwazi **Yes** pou w antre yon non kontak ijans, adrès imèl ak nimewo telefòn.
- Chwazi **No** si w pa vle antre yon kontak ijans.



Step #11: Ranpli tout chan obligatwa yo nan paj *Demographic Information* lan. Chwazi *Next*.

Panèl **Demographic Information**:

- Chwazi flèch yo pou w ouvri lis defilman an pou **Gender** ak **Eye Color.** Chwazi opsyon kòrèk la nan chak lis.
- Antre wotè w chan **Height (feet)** ak **Height (inches)** yo.

Panèl **Enfòmasyon Militè**:

- Chwazi **Yes** si w se yon manm aktif Fòs Ame Etazini.
    - Chwazi flèch yo pou chwazi repons pou kesyon adisyonèl ki afiche yo.
- Chwazi **No** si w pa yon manm aktif Fòs Ame Etazini.

Panèl **Organ and Tissue Donor** :

- Chwazi **Yes** oswa **No** nan envit ***Register me as an Organ and Tissue Donor***.



Step #12: Ranpli tout chan obligatwa yo nan paj *Proof Documents* lan. Chwazi *Next*.

W ap bezwen bay dokiman obligatwa sa yo pandan vizit ou nan RMV.

- Si w ap aplike pou yon **Lisans Estanda Klas D oswa M**, ou dwe bay dokiman ki mansyone nan chak opsyon sa yo:
    - Prèv Idantite/Prèv Dat Nesans
    - Prèv Estati Sekirite Sosyal
    - Prèv Rezidans
    - Idantite Lòt Eta

- Si w ap aplike pou yon **REAL ID,** ou dwe bay dokiman ki mansyone nan chak opsyon sa yo:
    - Prèv Prezans Legal/Prèv Dat Nesans
    - Prèv Nimewo Sekirite Sosyal
    - Prèv Rezidans Massachusetts (2 dokiman obligatwa)
    - Idantifikasyon Lòt Eta
- Si w ap aplike pou yon **Lisans Komèsyal Estanda**, ou dwe bay dokiman ki mansyone nan chak nan opsyon sa yo:
    - Prèv Rezidans
    - Dosye Konduit Lòt Eta
    - Prèv Prezans Legal
- Si w ap aplike pou yon **Lisans Komèsyal REAL ID**, ou dwe bay dokiman ki mansyone nan chak nan opsyon sa yo:
    - Prèv Nimewo Sekirite Sosyal
    - Prèv Rezidans Massachusetts (2 dokiman obligatwa)
    - Dosye Konduit Lòt Eta
    - Prèv Prezans Legal

Imaj sa a se yon egzanp seksyon **Proof Documents** pou Lisans Estanda Klas D:



Step #13: Ranpli chan obligatwa yo nan paj *Voter Registration*. Chwazi *Next*.



Step #14:* Reponn tout kesyon obligatwa yo nan paj *Mandatory Questions*. Chwazi *Next.

- Reponn **Yes** oswa **No** pou tout kesyon yo nan paj Mandatory Questions.
  - Si w te deja antre enfòmasyon sou lisans lòt eta w la, enfòmasyon sa a ap parèt isit la pou w konfime l.
  - Si w te gen yon lòt lisans nan 10 dènye ane yo chwazi lyen **Add Additional License/Permit** epi antre enfòmasyon lisans adisyonèl la.
  - Antre tout **kesyon adisyonèl** ki ka ranpli sou baz fason ou reponn lan.



Step #15: Revize paj *Certification of Applicant* lan. Chwazi *Next*.



Step #16:* Revize detay peman yo nan paj *Fee Summary* a. Chwazi *Next.



Step #17: Revize pwochen etap yo nan paj *Service Center Information*. Chwazi *Next.*

- Revize avèk atansyon dokiman obligatwa ou dwe pote nan randevou Sant Sèvis ou a.



Step #18: Konfime tout detay yo nan paj *Summary* a. Chwazi *Submit* pou kontinye.



Step #19: Gade epi enprime paj *Application/Confirmation* lan.

- Chwazi **Printable View** nan paj **Confirmation** lan pou yon lòt onglè navigatè.

- Enprime paj **Application/Confirmation** lan.
  - Yon Kòd QR ak Nimewo Konfimasyon afiche nan kwen anwo adwat la; yon bakod afiche adwat anba paj la.
  - Si ou pa gen aksè a yon enprimant, yon manm pèsonèl RMV a ap enprime paj sa a pou ou lè w rive nan randevou Sant Sèvis la.
- Siyen epi mete dat sou paj la nan espas ki fèt pou sa epi pote l nan randevou Sant Sèvis ou a. Dokiman enprime sa a ap sèvi kòm aplikasyon you fè pou Konvèsyon Lisans Lòt Eta.



Konpliman! Ou soumèt aplikasyon w lan avèk siksè.

- Ou dwe pran yon randevou nan Sant sèvis la pou konvèsyon Lisans Lòt Eta w la.